



**PEMERINTAH PROVINSI JAWA BARAT**  
**DINAS PENDIDIKAN**  
**YAYASAN PUTRA SOLVA UTAMA**  
**SMA IT BAITURROHMAN GARUT**



Email : sma\_it\_baiturrohman@yahoo.co.id | NSS : 32021137054 | NPSN : 69856918  
Kp. Solokpandan 01/ 02 Ds. Sirmajaya Kec. Tarogong Kaler Kab. Garut Prov. Jawa Barat 44151 Kontak. 085 223 015 303

**PENILAIAN SUMATIF AKHIR JENJANG (PSAJ)**  
**TAHUN PELAJARAN 2023/2024**

Satuan Pendidikan : SMA IT BAITURROHMAN	No. peserta :
Mata Pelajaran : BAHASA SUNDA	Hari, Tanggal : , Maret 2024
Kelas : XII (Dua Belas)	Waktu : 120 Menit
Nama :	Jumlah soal : PG 40 esay 5

**PETUNJUK Pengerjaan**

1. Isikan identitas anda dalam format lembar jawaban dengan teliti dan benar
2. Tersedia waktu 90 menit untuk mengerjakan paket soal ini
3. Periksa naskah soal yang anda terima, apabila halamannya tidak lengkap minta ganti pada pengawas ruang ujian
4. Baca dan pahami dengan baik pernyataan atau soal sebelum anda menjawab
5. Periksa pekerjaan anda sebelum diserahkan Kepada pengawas ujian

**I. Jawablah soal - soal dengan benar, dengan memberi tanda pada hurup A, B, C, D atau E berikut ini!**

1. Tujuan diayakeunana tradisi Sérén Taun téh nyaéta pikeun ....  
A. sukuran ka nu Maha Kawasa kana hasil panén  
B. nyalametkeun utun inji sangkan lahiranana lancar  
C. nulung ka nu butuh nalang ka nu susah  
D. tulak bala atawa ngajauhkeun panyakit  
E. ngamulyakeun karuhun
2. Ieu dihandap nu kaasup kana tujuan nulis artikel anu mernah nya eta  
A. Karya tulis anu eusina hayang ngabuktikeun bebeneran ku cara mintonkeun fakta tur alesan anu mernah  
B. Nu nulis artikel kidu ngagunakeun basa nu basajan tur gampil dipikarti ku nu maca togmol, asup akal tur efektif  
C. Eusina kudu bisa mangaruhan ka nu maca antukna nu maca daek nuturkeun kana tulisan eta artikel  
D. Salaku wadah publikasi hasil mikir sacara ilmiah ngaliwatan jurnal ilmiah.
3. Carita anu sok dilalakonkeun dina pagelaran wayang disebut....  
A. Dongeng  
B. Carita wayang  
C. Hikayat  
D. Carita pantun  
E. Wawancara
4. Dina dongéng Si Kabayan tokoh anu langka dicaritakeun téh nyaéta  
A. Sobatna Si Kabayan  
B. Budakna Si Kabayan  
C. Si Iteung pamajikanana Si Kabayan  
D. Mitohana Si Kabayan  
E. Si Atok, anakna Si Kabayan
5. Di handap ieu anu kaasup kana kriteria milih judul anu hade dina kagiatan nulis artikel, iwal...  
A. Judul ngawakilan tema nu keur dipedar atawa pamadegan nukeur diajukeun  
B. Pikatajieun tur ngahudang batur pikeun maca sagemblengna  
C. Gunakeun istilah/pakeman basa anu populer  
D. Dina nulis judul kudu make aksara gede (kapital)  
E. Singget (3-5 kecap) jeung dedet (miharti)

6. Balik ti saung si Cepot ngobrol sapanjang jalan sabari tatajong. Kecap nu di cetak miring kaasup kecap....

- A. Dwipurwa
- B. Trilingga
- C. Dwireka
- D. Dwisasana
- E. Dwilingga

7. Cing pangmawakeun gelas di dapur Kaasup kalimah paréntah wanda

- A. Pangharepan
- B. Panggeuri
- C. Panyaréka
- D. Pangjurung
- E. Panitah

8. Tulisan anu nyaritakeun lumangsungna hiji kajadian ti mangsa ka mangsa kalawan ngaruntuy tur di sebut...

- A. Narasi
- B. Deskripsi
- C. Eksposisi
- D. Isendifikasi
- E. Argumentasi

9. Nalika ngadongéng lian ti bedas ogé kudu béntes. Komo dina basa Sunda kawéntar pisan ku éjaan É, Eu, jeung E. Éta hal mangrupa salah sahiji aspék dina kabasaan nyaéta

- A. Fonétis
- B. Semantik
- C. Pragmatik
- D. Semiotik
- E. Morfologis

10. Sanggeus réngsé ngadongéng, Ihsan dibéré koméntar sangkan ulah tegak jeung cicing nalika ngadonéng. Hartina kudu gerak nuturkeun galur carita. Gerakan awak dina basa Sunda nalika ngadongéng disebut

- A. Pepeta
- B. Mimik
- C. Lentong
- D. Intonasi
- E. Éksprésia

11. Karangan anu eusina ngajéntrékeun hiji objék, kumaha prosésna, tujuanana, jeung gunana, mangrupa wangenan tina karangan jenis...

- A. narasi
- B. éksposisi
- C. arguméntasi
- D. pérsuasi
- E. déskripsi

12. daun nu geus garing (nu geus murag kana taneuh)..

- A. kongkoak
- B. kalakay
- C. koleang
- D. kararas

13. Nyarita sorangan atawa nyarita dina jero haté, disebut...

- A. Monolog
- B. Rajah
- C. Deskripsi
- D. Dialog
- E. Narasi

14. Bagean anu nyaritakeun, ditepikeun dina mangsa juru pantun nyambungkeun hiji kajadian kana kajadian saterusna, disebut...

- A. Rajah
- B. Narasi
- C. Dialog
- D. Deskripsi
- E. Monolog

15. Dina salasahiji pancén basa Sunda, Ani dititah pikeun macacarita dongéng anu miboga judul "Si Kabayan Ngala Nangka". Nalika Ani maca éta dongéng, manéhna ngilu asup kana eusi carita anu ngagambarkeun kahirupan padésaan waktu harita. Hawana tingtirim turtiis.

Sasakali, dicaritakeun hieumna leuweung nalika Si Kabayan ngala nangka, anu mantak nyieun Ani muringkak nalika maca. Gambaran anu dipikarasa ku Ani nalika maca éta dongéng dipangaruhan ku salasahiji unsur carita dongéng nyaéta

- A. Latar tempat
- B. Jejer
- C. Latar suasana
- D. Téma
- E. Latar waktu

16. Karangan anu eusina ngebrehkeun pamanggih pribadi saurang pangarang atawa panulis anu dirojong jeung didadasaran ku rupa-rupa rujukan, boh hasil panalungtikan boh pamanggih ahli disebut...

- A. Artikel
- B. skripsi
- C. Makalah
- D. Esey
- E. Pedaran

17. Ieu di handap anu henteu kaasup kana ciri-ciri dongéng nyaéta

- A. Sakabéh eusi caritana bohong
- B. Awalna kagolong kana sastra tulisan
- C. Sumebarna tatalépa sacara lisan
- D. Teu jelas anu ngarangna (anonim)
- E. Ngandung unsur-unsur pamohalan

18. Unggal soré Abdul mindeng ngupingkeun dongéng dina radio. Lian ti jadi hiburan, tina dongéng ogé sok meunangkeun hiji pangajaran pikeun Abdul. Unsur pangajaran anu aya dina dongéng disebut

- A. Palaku
- B. Jejer
- C. Téma
- D. Amanat
- E. Watek

19. Ieu di handap anu teu kaasup kecap-kecap anu ilahar dipaké dina kalimah paréntah,

- A. Punten
- B. Hayu
- C. Mangga
- D. Cing
- E. Wah

20. Siswa anu di tes maca gancang aya tilu puluh tilu urang. Kalimah di luhur kaasup kana kalimah.....

- A. Bilangan
- B. Bilangan tahapan
- C. Kaayaan
- D. Sifat

21. Carita anu wangunna pondok dina basa lancar anu eusina ngandung unsur-unsur pamohalan disebutna

- A. Biografi
- B. Skétsa
- C. Carpon
- D. Fiksimini
- E. Dongéng

22. Tradisi Tingkeban biasana dilaksanakeun waktu kandungan hiji awéwé nincak umur ....

- A. tilu bulan
- B. salapan bulan
- C. genep bulan
- D. tujuh bulan
- E. dalapan bulan

23. Ieu di handap anu henteu kaasup kana unsur-unsur dina struktur artikel, nyaéta...

- A. alinéa panandes
- B. alinéa panambah
- C. alinéa pamungkas
- D. judul
- E. alinéa bubuka

24. Pantun anu dipagelarkeuna teu sagawayah, ngan ukur dina acara anu tangtu, dina poe salasa jeung jumaah. Make sasajen, dipagelarkeunna sapeuting jeput. Sarta juru pantunna kudu puasa heula, disebut pantun...

- A. Beton
- B. Hiburan

- C. Sakral
- D. Mantra
- E. Ritual

25. Dina dongéng "Sangkuriang" aya unsur pamohalan, di antarana waé nyaéta

- A. Sangkuriang saenyana anak raja
- B. Sangkuriang kahampangan
- C. Sangkuriang nyieun parahu
- D. Dayang Sumbi kawin jeung Si Tumang
- E. Dayang Sumbi boga anak Sangkuriang

26. Andri : Mugia panyawat Ki Anta geura diangkat tur geura séhat waringkas

Lia : Mantakna, Ulah jajan samanéa komo nu ngandung pangawét mah!

Azhar : Sawadina, pamaréntah téh leuwih teges mariksa kadaharan anu teu layak dijual

Jaya : Emh, da kumaha deui atuh urang mah da ukur rahayat

Maul : Ulah nyerah kitu, hayu urang mimitian ti urang-urang pikeun milih jeung milah kadaharan anu séhat

Dumasar paguneman di luhur anu kaasup kalimah paréntah wanda panggeuri diwakilan ku tokoh

- A. Lia
- B. Andri
- C. Azhar
- D. Maul
- E. Jaya

27. anak bangkong...

- A. bancet
- B. bogo
- C. buyur
- D. buruy

28. Kegiatan nu sok dilakukeun disalah sahiji kampung adat disebut .....

- A. ritual
- B. pintonan
- C. tradisi
- D. adat
- E. kasenian

29. Ieu di handap anu henteu kaasup kana cara-cara maca artikel nyaéta...

- A. catetkeun hal-hal penting tina eusi artikel
- B. mun perlu catetkeun saha waé ahli anu dicutat dina éta artikel
- C. jieun ringkesanana tina artikel anu dibaca
- D. baca heula sakali ti mimiti judul nepi ka tamat

E dicatet sakabéh eusina kana buku catetan

30. "Punten Wan, pangyandakkeun buku basa Sunda dina kantong!"

Nilik kana gunana éta kalimah téh kaasup kana kalimah

- A. Pangjurung
- B. Panitah
- C. Pangwawadi
- D. Panyaréék
- E. Paménta

31. Aya carita "Nyi Roro Kidul" sumebar di masarakat. Carita saperti kitu kaasup kana dongéng

- A. Parabel
- B. Mite
- C. Légénda
- D. Babad
- E. Sage

32. Sanduk-sanduk ka karuhun lantaran rék ngamimitian mantun. Sanduk-sanduk téh hartina ménta idin, ménta pangraksa jeung pangriksa ti nu ngageugeuh éta lembur sangkan saralamet. Ménta kasalamétan téh lain keur nu dipangmantunkeun baé tapi kaasup nu mantun jeung nu lalajo éta pantun. Eta bagean téh disebut...

- A. Rajah
- B. Monolog
- C. Deskripsi
- D. Dialog
- E. Narasi

33. Wewengkon nu tradisina keukeuh nyekel aturan ti karuhuna biasa disebut

.....

- A. kampung khas
- B. daerah istimewa
- C. kampung adat
- D. daerah adat
- E. kampung istimewa

34. Naon eusi tina artikel wanda prediktif téh...

- A. Eusina mangrupa kajadian-kajadian anu geus diprediksi saacanna.
- B. Eusi pedaranana ngeunaan perkara anu can kajadian dumasar sawangan (analisis) pangarangna.
- C. Eusi pedaranana ngagambarkeun hiji perkara atawa mangrupa pasualan dina kahirupan.
- D. Eusi pedaranana ngajentrekeun atawa ngeceskeun kana hiji perkara ka pamaca dumasar pamadegan pangarangna.

E. Eusi pedaranana leubeut ku fakta-fakta anu luyu jeung sawangan pangarangna.

35. Rek iraha indit ka Bandung téh?

Kalimah diluhur kaasup kana kalimah....

- A. Wawaran
- B. Panyeluk
- C. Pananya
- D. Panyambung

36. Wangun atawa bentuk tulisan bahasan / pedaran dina wacana bahasan nyaeta, iwal

.....

- A. Argumentasi
- B. Deskripsi
- C. Narasi
- D. Eksposisi
- E. Persuasi

37. Balik ti saung si Cepot ngobrol sapanjang jalan sabari tatajong. Kecap nu di cetak miring kaasup kecap....

- A. Dwilingga
- B. Trilingga
- C. Dwipurwa
- D. Dwireka
- E. Dwisasana

38. Bahasan tradisi sunda medarkeun unak-anik tradisi dihiji masyarakat nu biasana kayaning ku kagiatan dihandap ieu, iwal .....

- A. Karusuhan
- B. Kagiatan adat istiadat
- C. Ritual budaya
- D. Pakasaban
- E. Atikan

39. "Hariring nu Kungsi Nyanding" Nyanding hartina .....

- A. Hareupeun
- B. Tukangeun
- C. Gigireun
- D. Pasisi
- E. Luhureun

40. Adat kabiasaan atawa tali paranti anu turun tumurun ti karuhun anu masih dilaksanakeun dina pakumbuhan masarakat disebutna .....

- A. Folklor
- B. Budaya
- C. Tradisi
- D. Etika
- E. Tatkrama

**Pek jawaban pertanyaan-pertanyaan kalayan bener!**

Soal 1:

Ungkapan "Saha nu ngajaga jolma ieu?" maksudna sareng ngan ukur?

Soal 2:

Mangga dijelaskeun budaya Sunda dina upacara hajatan sapertos kawinan atanapi mitoni.

Soal 3:

Kanu asalna ti urang Sunda, arijeung mah urang janten leuwih kenal sareng keun hirup di nagara Sunda atanapi di tempat lianna?

Soal 4:

Ngan ukur hiji pribadi anu disebut "mapalus" dina budaya Sunda?

Soal 5:

Ungkapan "Kumaha damang?" maksudna sareng ngan ukur dina basa Sunda?